

Chanpyon pou timoun 2020



Ansanb! The Joint Committee for Children's Health Care in Everett

2020 nou pa kapab rasanble pou nou selebre chanpyon nou yo pou timoun yo na pèsòn; de tout fason, misyon nou ap kontinye avek bon rezilta!



An nou selebre
Anplwoye nou yo, volontè yo e nou tout kòm
Champyon pou ti moun yo
Mèsi pou sipò ak don nap kontinye ba yo!

Chè Patnè, Sipòtè, e zanmi:

Nou espere lèt sa rive jwen ou e fanmi-w e zanmi-w an bòn santé e vanyan. Nou tout ap fè fas ak anpil difikilte e nou konnen Joint Committee for Children's Health Care nan Everett (JCCHCE) toujou la pou ede-w. JCCHCE ap eseye akonpli misyon-l lan nouvo nòm sa. Ane sa li diferan ke ane ki pase yo, komite JCCHCE ap ranvwaye tout evènman leve de fon jiska omwen lane 2021. Nou panse ke desizyon sa vini a kòz de tan finansyè difisil nou tout ap sibi kounye a.

Avèk respè nou, nou remèsye ou pou sipò ou toujou ban nou e nap mande-w pou-w kontinye sipòte travay enpòtan Joint Committee for Children's Health Care ki nan Everett (JCCHCE). Kòm nou tout ap fè fas ak pandemi COVID-19 nan ki ralanti sityasyon ekonomik la, JCCHCE menm jan ak lòt òganizasyon san pwofi ap sèvi espesyalman moun ki vilnerab nan kominote ya. Nou bezwen èd finansyè-w pou ede nou

kontinye misyon JCCHCE ki se ede fanmi you enskri e renouvle asirans de santé yo e sipòte lòt bezwen pou santé yo.

Konsa, nan mwa ki pase yo, gras ak yon don ki vini de Haymarket People's Fund, JCCHCE te arive non sèlman ede fanmi yo avèk edikasyon, bay yo posibilite pou yo enskri nan asirans santé, men nou sipòte yo pou yo te ka peye bil sèvis piblik yo. Lajan limite, men bezwen pou sòt de sipò finansyè sa pap fini. Donk, JCCHCE ap mande non sèlman pou nou sipòte misyon-l ki se sansibilization ak fè edikasyon fanmi yo gen aksè ak bon swen de santé, men tou ede moun ki gen anpil bezwen pou ba yo ti sipò pou yo jwen manje, e sipò pou yo ka fonksyone lakay yo e pou ka kenbe yo nan you enviroanman ki an santé.

Etan done nou pap kapab reuni ansanb pou evènman Chanpyon pou timoun pou nou selebre misyon an ak travay nou tout fè ansanm, nap mande si ou ta renmen bay lajan ou tap peye pou tikè ou a kòm don ki se \$50.00. Natirèlman, nenpòt sa nou bay ki pi plis ke \$50.00 ap trè apresye! Lajan nou ramase ap sèvi pou sipòte misyon òganizasyon an avèk chak fanmi. Pou plis ke 25 lane JCCHCE bay you sèvis ki ekselan a tout fanmi ki nan bezwen sèvis medikal ak dè milye moun ki rete nan kominote ya a travè aktivite de prevansyon at byennèt. Modèl ki yon reysit sèvi de blòk pou JCCHCE kanpe e pwospere.

Nou remèsye-w pou tout sipò pou plis ke 26 ane. Se nan generozite nou ak kolaborasyon nou ke Joint Committee for Children's Health Care nan Everett jwen fòs li ak abilite li pou li sèvi Everett ak 79 kominote ki nan anviron nou. Yon gwo Mèsi a nou tout!

Avèk anpil apwesasyon,

Nicole Graffam, Direkè Ekzekitif, JCCHCE
Jacqueline M. Coogan, Trezorye / Fondatè, Komite finansman.
Prezidan, JCCHCE
Michael Nicastro, Prezidan Konsey, JCCHCE

Mèsi.



https://www.paypal.com/paypalme/JCCHCE?locale.x=en_US

Bay lanjan nan lin avèk PayPal

Chèk dwe ekri bay: JCCHCE

Sil vous plè poste chèk bay: JCCHCE 484 Broadway, Room 2 Everett, MA 02149